

## Гидрографием и махуэ

2-нэ нап.



## Лlыгъэшхуэ зэрахьэу бийм пэщlэтами...

3-нэ нап.



## Ди щlыналъэр ирагъэщlыху

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№72 (24.354) ● 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ



## МащIэщ къэнэжар

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2022 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр мэкъуауэгъуэм и 23-м еух.

«Адыгэ псалъэм» тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ. Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, фигу къыдогъэкIыж «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэр:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 724-рэ кIэпIейкIэ 80-рэ;

фэ езым пощтым къыщеIыфхыжынумэ - сом 660-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми.

**Ди индексыр П 5894.**

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

# КIУЭКIУЭ Казбек: Къэрал унафэщIым къигъэува къалэн нэхъыщхьэхэр дгъэзэщIэнущ

**Ди газетым хъыбар къызэрывигъэщIащи, тхьэмахуэ блэкIам Санкт-Петербург щекIуэкIащ XXV Дунейпсо экономикэ зэхуэс (ПМЭФ). Мыхьэнэшхуэ зиIа а Iуэхугъуэм и къэхъукъащIэ нэхъыщхьэхэм ящыщащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэр. ПМЭФ-м и пленарнэ сессием хэту къэрал унафэщIым и къэпсэлъэныгъэм едэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЫХЭТА зэхуэсышхуэмрэ УФ-м и Президентым и къэпсэлъэныгъэ купщIафIэмрэ ятеухуа и гупсысэхэр ди республикэм и Iэтащхьэм телеграм-каналым щиIэ напэкIуэцIым къыщиIуэтащ.

- Ди къэралым и унафэщIым ПМЭФ-м и пленарнэ сессием щищIа докладым зэпкърыхауэ, шэщIауэ щытепсэлъыхьащ ди хэкури абы хыхьэ щIыналъэхэри зэрыт щытыкIэхэр куэдкIэ зэлъыта экономикэ къэхъукъащIэхэм, дуней псом щекIуэкIхэри УФ-м и щIыпIэхэм щыщыIэхэри хэту. УФ-м и Президентым и къэпсэлъэныгъэм наIуэ щищIащ урысей экономикэм адэкIи зезыгъэужьыну хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэмрэ Iэмалыщ Iэхэмрэ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек. - Зы къэралым и унафэм щIэту илъэс куэд лъандэрэ къекIуэкIа дунейпсо зыужьыныгъэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр щынэрылъагъущ мы зэманым. Урысей Федерацэр пэлъэщащ къызэрымыкIуэ къэрал щIыб къытекъузэныгъэм, иджы наIуэ къещI бгъэдэлъ зэпIэзэрытагъымрэ зыужьыныгъэмрэ. Къэрал Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ къыхалъхьа лъэпкъ проект псори федеральнэ программэхэри нэхъ жыджэрыжу дэнэкIи щагъэзащIэ, цIыхухэм ягъуэт социальнэ дэIэпыкъуныгъэми нэхъри зиубгъу, зишэщI зэпытщ. Экономикэ зэпIэзэрытымрэ жылагъуэм дэIыгъыныгъэшхуэ щызыгъуэт политикэ унафэ лъэщымрэ я джэлэс нэхъыщхьэщ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэхэм.

Си фIэщ мэхъу ди Президентым къытхуигъэува къалэнхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ ящыщ дэтхэнэри къанэ щымыIэу зэрыдгъэзэщIэфынур.

# Республикэм и ГЭС-хэм къахохъуэ

**Санкт-Петербург щекIуэкI XXV Дунейпсо экономикэ форумым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ «РусГидро» ПАО-мрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ. Абы теухуа тхылъымпIэм Iэ щIадзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ IуэхущIапIэм и унафэщI Хмарин Викторрэ.**

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн Ипщэм гидроэлектростанц мыин щаухуэнущ. Абы сом меларди 5,5-рэ трагъэкIуэдэнущ. СтанцыщIэм лъэщагъыу МВт 25-рэ иIэнущ, ику иту илъэсым электрокъарууэ къилэжьыр кВт/сыхьэт мелуани 100-м нэсу. Энергетикэм и объектыщIэр 2027 гъэм нэхъ мыгувэу хьэзыр ящIыну я мурадщ.

Гидроэнергетикэ IуэхущIапIэ мыинхэм республикэм зыщегъэужьыным хуэунэтIа Iуэхухэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпыудауэ йокIуэкI. 2021 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм ухуэн щIадзащ ику иту илъэсым электрокъарууэ кВт/сыхьэт мелуан 87-рэ къыщIэзыгъэкIыну Шэрэдж ГЭС мыиныр. Ухуэныгъэр и кIэм нагъэсынущ 2024 гъэм. Ар 2002 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм кърагъэжьа Шэрэдж Ищхъэрэ ГЭС зэхэтым - щIыналъэм и энергокомплекс лъэщым - и еплIанэ Iыхьэщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2016 гъэм республикэм щаухуауэ щытащ Зэрэгъыж МГЭС-р, 2020 гъэм - Балъкъэр Ипщэ МГЭС-р.

- «РусГидро»-м дэрэ ди зэдэлэжьэныгъэр хуэунэтIащ республикэм и щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ къытпэщылъ социально-экономикэ къалэнхэр зэфIэхыным. Гидроэнергетикэм и объектыщIэ духуэр, Бахъсэн Ипщэ МГЭС-р, хэкIыпIэфIщ энергокъарумкIэ диIэ щыщIагъэр иригъэкъужынымкIэ, жылагъуэхэр электричествэкIэ зэпэщ щIынымкIэ, псом хуэмыдэу абы мыхьэнэшхуэ иIэщ бгылъэ щIыпIэхэм щыIэ районхэм я дежкIэ. Апхуэдэу щIыналъэм и экономикэр ефIэкIуэнымкIи лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэгъэпэщынымкIи ар щхьэпэ хъунущ. Зи гугъу тщIы инвестицэ проектыр гъэзэщIа хъун папщIэ республикэм хузэфIэкIкIэ «РусГидро»-м зыщIигъэкъуэнущ», - щыжиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ «ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фонд» правовой компание зэIухам и генеральнэ директор Цицин Константинрэ я зэIущIэм щытепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм зегъэужьыным, унэ кхъахэхэм щIэсхэр къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ программэр гъэзэщIэным ехьэлIа Iуэхухэм.**

# КъагъэщIэрэщIэжынущ псэупIэхэр зезыхьэ IэнатIэхэр

УФ-м и Президент Путин Владимир къызэригъэувам тету Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри щокIуэкI цIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр. Абы теухуауэ зэхалъхьа икIи къащта щIыналъэ программэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2025 гъэм нэсыху псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 15,6-рэ къызэрыкI фэтэру (пэшу) 623-м цIыху 1823-рэ къыщIагъэIэпхъукIын хуейщ, сыту жыпIэмэ ахэр зыщIэс унэ 19-р я щытыкIэкIэ кхъахэу икIи ущыпсэу мыхъужыну къалъытащ 2017 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ 2021 гъэм щIышылэм и 1-м нэсыху ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ. Мы программэр гъэзэщIэным сом мелард 1,2-рэ хуэдиз текIуэдэнущ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ унэ ныкъуэкъутэхэм щыпсэухэр къыщIэгъэкIынымкIэ 2019 - 2023 гъэхэм ятещIыхьа программэр республикэм нэхъ пасэу зэрыщагъэзэщIар.

ЗэIущIэм апхуэдэу къыщаIэтащ республикэм и коммунальнэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэри. Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, Налшык лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ-Кулиевым, ЩоджэнцIыкIум я цIэхэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэхэм псы зрикIуэ бжьамийхэр щызэрахъуэкIащ. ПсэупIэ унэхэр зыухуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ 2022 - 2024 гъэхэм ятещIыхьа программэм ипкъ иткIэ Налшык къалэм нэхъ ухуэныгъэшхуэ щрагъэкIуэкI и хьэблэхэр псы зрикIуэ бжьамийхэмкIэ, канализацэмкIэ къызэрагъэпэщынущ. Абы къыдэкIуэу илъэситIым къриубыдэу псы къабзэр зэбграшын е апхуэдэ бжьамийхэр къагъэщIэрэщIэжын папщIэ муниципалитетхэм сом мелуани 130-рэ хухахащ. Республикэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр зэман пыухыкIахэм тещIыхьауэ ирагъэфIэкIуэнущ икIи абы папщIэ «ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фондыр» дэIэпыкъуэгъу хъунущ.



# Жылагъуэ транспортыр къэзыгъэсэбэпхэм папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и транспорт IэнатIэм иджырей электрон сервисхэр къызэрыщагъэсэбэпым зегъэубгъуным иджыблагъэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ «СберТройка» ООО-м и генеральнэ директор Матюхин Валерийрэ.**

УРЫСЕЙМ и щIыналъэхэм ящыщу епщыкIущанэу нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэсэбэпу щIадзащ Билет системэ зэгуэтыр. Мы зэманым «Тройка» зэгухьэныгъэм и транспорт картэмкIэ зекIуапщIэр щат мэхъу Налшык и автобусу-троллейбусу 45-м. Республикэм и къалащхьэм апхуэдэ картэхэр щIыпIиплIым щащэ.

Пластик картэм и фIыщIэкIэ жылагъуэ транспортыр къызэрагъэсэбэпым и уасэр Iэрымылъхьэу ят, абы къыхэкIыу цIыхухэми а Iуэхур нэрылъагъуу къащегъэпсынщIэ. ДяпэкIэ яубзыхунущ къалэм щыIэ маршрут псоми тет транспорт лIэужьыгъуэхэм я тарифхэр, цIыху гуп щхьэхуэхэм папщIэ льготэ пыухыкIахэр къыщалъыта тарифхэр.

Иджыпсту йолэжь унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм щыщ школакIуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм. «Къалэдэсым и картэм» ипкъ иткIэ апхуэдэ сабийхэр жылагъуэ транспортымкIэ пщIэншэу кърашэкIынущ.

«Тройка» зэгухьэныгъэм и картэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъуэгухэми къыщагъэсэбэпыну я гугъэщ. А картэм ипкъ иткIэ туристхэм лыжэкIэ къыщажыхь станцхэм екIуэлIэн, щIымахуэ гъуэгухэм къыщажыхьын, пэрыуэ имыIэу щыгухэм зэрыдэкI кIапсэ гъуэгухэр къагъэсэбэпын яхузэфIэкIынущ. Бжьыхьэм «Тройка» зэгухьэныгъэм и пластик картэхэр КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и дамыгъэхэр тету къыдагъэкIыну я мурадщ.



# ФIыщIэрэ щытхъурэ зыхуэфащэхэр

**Налшык къалэ дэт Музыкэ театрым мэрем кIуам щекIуэкIащ медицинэм и лэжьакIуэхэр щагъэлъапIэ пшыхь. ЗэIущIэ гуапэм хэтащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, министерствэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.**



КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек медицинэм и лэжьакIуэхэм зэрызахуигъазэм къеджащ республикэм и УнафэщIым и Администрацэм и тхьэмадэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**. АдэкIэ абы езым къыбгъэдэкIыу псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ медицинэм и лэжьакIуэхэм хуэдэу, цIыхухэм я дзыхь зрагъэз нэгъуэщI зыри зэрыщымыIэр икIи абыхэм ехъуэхъуащ сымаджэхэр къазэрыщыгугъыр ягъэпэжыфу, абыхэм я щытхъум щымыщIэу я IэнатIэм пэрытыну.

- Дохутыр IэщIагъэр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ икIи икъукIэ лэжьыгъэ хьэлъэщ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**. - Абы къыхэкIыуи дохутырхэм пщIэшхуэ яхуэфащэщ. Тыншкъым махуэ къэс цIыхум и узыншагъэм, апхуэдэу щыхъукIи и гъащIэм и «хъумакIуэу» ущытыныр. Фи дежщ къыщежьэр жылагъуэ узыншэм и лъабжьэр. Нобэ медицинэм псынщIэу зеужь, щIэныгъэр и пIэ иткъым, къэхутэныгъэщIэхэр, гъэунэхуныгъэхэр гъащIэм хэпща мэхъу. Абы къыхэкIыу медицинэм и лэжьакIуэхэми, я IэщIагъэм ехъулIэныгъэ щаIэн папщIэ, зэманым зыдрагъэкIукIэрэ а унэтIыныгъэм щIэуэ къыхыхьэ псоми зыщагъэгъуэзапхъэщ. Iэмал имыIэу хущIэкъун хуейщ я зэфIэкIым, Iэзагъэм зэрыхагъэхъуэным. Ди гуапэ зэрыхъунщи, диIэщ зыпэрыт Iуэхум зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэлъагъуэ, зи ехъулIэныгъэхэм дригушхуэ IэщIагъэлIхэр. Медицинэм и лэжьакIуэ псоми сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну фефIэкIуэну, фи IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр къыщыфхьыну.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** и къэпсэлъэныгъэр къыщIидзащ медицинэм и лэжьакIуэхэм яхуэгъэза фIыщIэ псалъэхэмкIэ икIи жиIащ сыт хуэдэ щытыкIэ къимыхутами, Iэзагъышхуэрэ жэуаплыныгъэшхуэрэ яхэлъу зи IэнатIэр езыхьэкIхэм щытхъушхуи псалъэ гуапэ куэди зэрахуэфащэр.

- Республикэм и медицинэ лэжьакIуэхэр зи IэщIагъэм гукIи псэкIи хуэпэж IэщIагъэлI телъыджэхэщ. Фэ жэщ-махуэ фимыIэу цIыху гъащIэр къегъэлыным, узыншагъэр хъумэным теухуауэ унафэ пыухыкIахэр къэфщтэн хуей мэхъу, операцэ хьэлъэхэр ивогъэкIуэкI, щытыкIэ гугъу къиухутам псом япэу фи дэIэпыкъуныгъэр лъывогъэс, гущIэгъу фхэлъу, жэуаплыныгъэ зэрыфхьыр зыхэфщIэу IэнатIэм фыпэрытщ, - жиIащ министрым. - Иужьрей илъэситIыр тыншу щытакъым. Пандемием и «удыным» япэу пэщIэувар медицинэм и лэжьакIуэхэрщ икIи Iуэхум фIыуэ зэрыхэфщIыкIым, жыджэрагъ фхэлъу сымаджэхэм яхуэфщIа IуэхутхьэбзэхэмкIэ фIыгъэкIэ узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэм цIыху мин бжыгъэхэр къевгъэлащ. Дохутыру, курыт, нэхъыщIэ медицинэ лэжьакIуэхэу минищым щIигъу госпиталхэм я щIыналъэ «плъыжьым» щылэжьащ. Участкэ дохутыру мини 2-м нэблагъэ, фельдершу, медсестрауэ мини 4 коронавирусыр зыпкърыт сымаджэхэм унэм щеIэзащ. Абы и лъэныкъуэкIэ къалэнышхуэ я пщэ дэлъащ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и лэжьакIуэхэми. Узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм зыщиубгъу лъэхъэнэм хуэдитIкIэ хэхъуат ахэр зэрырагъэджэр. А зэман гугъум республикэм и медицинэ лэжьакIуэ псоми, жэщ-махуэ ямыIэу, я къаруи я гуащIи емыблэжу я IэнатIэр ирахьэкIащ. IэщIагъэм къыфхуигъэув къалэныр гуапагъэрэ гумащIагъэрэ фхэлъу зэрывгъэзащIэм папщIэ фIыщIэшхуэ фхузощI.

Псом хуэмыдэу псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ республикэм и медицинэм зи гъащIэр тыхь хуэзыщIа нэхъыжьыфIхэм. А IэнатIэм зегъэужьыным абыхэм хуащIа хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ. Ахэращ нобэрей ди медицинэм и лъабжьэ быдэр зыгъэтIылъар. Абыхэм я зэфIэкIым къыпащэкIэрэ, дохутыр IэщIагъэм хуэпэжу нэхъыжьхэм я лъагъуэм ирикIуэнухэр диIэну догугъэ. Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейт махуэшхуэм зи IэнатIэм пэрытхэри - сымаджэщым плъыр къалэныр щезыхьэкIхэр, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и лэжьакIуэ гупхэр. Медицинэм и лэжьакIуэ псоми сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, фи Iуэхухэр ефIэкIуэну, фи IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр къыщыфхьыну.

Республикэм узыншагъэр хъумэн и IэнатIэм зэфIэкI хьарзынэхэр къыщызыгъэлъагъуэ лэжьакIуэхэм иратащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Апхуэдэуи лышх узыфэхэм пэщIэтынымкIэ зэфIэкI къэзыгъэлъэгъуа икIи абы зи гуащIэ хэзылъхьа медицинэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, волонтёрхэм, псапащIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэхухэр зезыгъакIуэхэм папщIэ ягъэува, «Умышынэ, сэ сыпщIыгъущ» унэтIыныгъэмкIэ урысейпсо саугъэтыр иратыжащ республикэм и Сабий унэм цIыкIухэм паллиативнэ дэIэпыкъуныгъэ щыхуащIэ и къудамэм и дохутырхэм.

Музыкэ театрым и пэIущIэ пэшым къыщызэрагъэпэщат республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэ гупхэр зэрыт сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Апхуэдэуи зэIущIэм кърихьэлIахэр ирагъэплъащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр зэрызэфIэувам, илъэси 100-м къриубыдэу абы зэрызиужьам, нобэ иIэ щытыкIэм теухуа документальнэ фильм.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ ансамбль цIэрыIуэхэм.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Гум имыхуж нэхущ

«Зэманыр макIуэ шэ икIауэ», - жиIащ усакIуэм. Ауэ сыт хуэдиз илъэс дэкIами, ди къэралым и цIыхухэм ящыгъупщэжынукъым 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м и нэхущыр. Абы щыгъуэм фашист Германиемрэ и блыгущIэт къэралхэмрэ къарууушхуэкIэ (дивизие 200 хъурт) тенджыз ФIыцIэм къыщыщIэдзауэ Баренц тенджызым нэс СССР-м и гъунапкъэхэм къыщебгъэрыкIуат. ХьэщхьэхурыпхъуэУ къыттеуа бийр лъэщт, ипэIуэкIэ Европэр къигъэIурыщIат. Псоми къагурыIуэрт гуващIэхами нацист хьэщхьэрыIуэхэм ди дежкIэ зыкъызэрагъэзэнур, арщхьэкIэ абы зыхуэдгъэхьэзырын папщIэ тхуримыкъуар мазэ бжыгъэщ: IэщэжьхэрIуахат, щIэхэр ирикъуу къыщIагъэкIыфатэкъым. Апхуэдэ щытыкIэм и зэранкIэ нэмыцэхэр псынщIэу къэкIуэтат Дзэ Плъыжьым хэщIыныгъэ хьэлъэр къарит икIи а гъэ дыдэм и дыгъэгъазэм Совет Союзым и щыхьэр Москва къекIуэлIэпат. Куэдым шэч къытрахьэжыртэкъым ар Гитлер къызэрищтэнум. АрщхьэкIэ Сталин Иосиф зи пашэ ди цIыхухэр, я псэм емыблэжа ди адэшхуэхэр Iуэхум нэгъуэщIу егупсысырт. Уи нэгум къыщIэбгъэхьэну гугъу лIыгъэрэ хахуагъэрэ къызыкъуэзыха ди зауэлIхэм бий бзаджэр къалащхьэм IуахужащкилометрищэбжыгъэкIэ. Ар фашист Германием фыщIэн зэрыщIидзэрэ къемыхъулIа япэ Iуэхут. АдэкIэ щыIащ Сталинград зэхэуэр. НаIуэу зэрыщытщи, абы белджылы къищIащ Хэку зауэшхуэм и мызакъуэу, зэрыщыту ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэриухынур. КъыддэщI къэралхэу Инджылызымрэ США-мрэ я унафэщIхэр нэхъыбэрэ тепсэлъыхь хъуащ етIуанэ фронт къызэIухыным, ауэ яхузэфIэкIыхукIэ зралъэфыхьащ. Ар къыщызэIуахам СССР-м и щIыналъэр къанэ щIагъуэ щымыIэу хуит къащIыжакIэт. Иджы мыукIытэу КъухьэпIэм щыжаIэ текIуэныгъэр къэзыхьар езыхэрауэ. Хэбгъэзыхьмэ, тхыдэдж нэпцIхэри къыкъуэкIащ. Абыхэм ящыщ Хольц гуэрым итхащ, уеблэмэ тхыдэм щынэхъ ин дыдэ Курск танк зауэр щымыIэххауэ, Берлин зыубыдар американхэмрэ инджылызхэмрэ арауэ. Апхуэдэхэр мащIэкъым, ауэ я мурадхэр зэтохуэ: ар СССР-у щытамрэ абы и пIэ иува Урысеймрэ зэфIагъэкIахэр, абыхэм ягъэзэщIа къалэныр ябзыщIыныр, зэрахьэкIыныр. АрщхьэкIэ тхылъымпIэм псори ишэчми, тхыдэр пхузэгъэдзэкIынукъым. Псом хуэмыдэу ар зэман мыжыжьэм щехьэлIам деж. Пэжыр жытIэнщи, СССР-м къезэуари фашист Германием и закъуэкъым, атIэ абы ипэжыпIэкIэ къыпэщIэтар къанэ щIагъуэ щымыIэу иджырей Евросоюзырт. Ахэр икIи япэу ди къэралми къебгъэрыкIуауэ аратэкъым. Нэхъ лъэхъэнэ тпэжыжьэ дыIэбэжынщи, 1812 гъэм Урысейм и щIыналъэм къиихьар франджыхэм я закъуэтэкъым (Напелон и дзэм и Iыхьэ щанэ къудейт ахэр зэрыхъур). Абы щыгъуэми адрейхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Iыхьэ щанитIыр, европэ къэралхэм я цIыхухэт.

Иджыри аращ Урысейм IэмалыншагъэкIэ Украинэм зауэ Iуэху щхьэхуэ щригъэкIуэкI мы зэманым, къаугъэм къыхэмыхьэми, Киев IэщэкIэ доIэпыкъу США-р зи унафэщI НАТО-р.

Аращи, ди блэкIам дерс къыхэтхын, ди адэшхуэхэм зэрахьа лIыгъэр дригушхуэу, абыхэм я фэеплъыр дгъэлъапэу икIи дгъэпэжу дунейм дытетын хуейщ.

**ШАЛ Мухьэмэд.**

# ТекIуэныгъэм и нурыр

**1945 гъэм ТекIуэныгъэм и Парадыр щрагъэкIуэкIауэ щыта махуэм хуэзэу заузлI щIыхьым и къалэу къэрал псом щыIэхэм къыщызэрагъэпэщ дауэдапщэхэм хэтынущ ди республикэм и къалащхьэри.**

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 24-м екIуэкIыну Iуэхухэм хиубы- дэу къагъэлъэгъуэнущ цIэрыIуэ хъуа «В бой идут одни старики» фильмыр. Дэшхуей хадэм щыIэ «ЗауэлI щIыхьым и къалэ» стелэм деж сыхьэтыр 22-м уафэгур къыщагъэнэхунущ ди адэхэм, ди адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм и дамыгъэу.

1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м, ТекIуэныгъэм и Парадыр щрагъэкIуэкIа махуэм и пщыхьэщхьэм сыхьэт 23-м Москва и уафэр, Кремлым и щхьэщыгур, уэрам нэхъыщхьэхэм, вокзалхэм къащхьэщыт уафэр гуфIэгъуэ нурхэмкIэ къызэщIэлындауэ щытащ. Иджы, илъэс 77-рэ блэкIа нэужь, зэрыщыту къэрал псом апхуэдэ дауэдапщэхэр щрагъэкIуэкIынущ зи гъащIэр ТекIуэныгъэм щIэзытахэм я фэеплъу.

Фэеплъ Iуэхухэм хэтыну кърагъэблагъэ республикэм ис псори.

Дауэдапщэхэр Дэшхуей хадэм щыIэ «ЗауэлI щIыхьым и къалэ» стелэм деж щрагъэжьэнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м деж.

# ПсэупIэхэм зэрыкIэлъыплъым гулъытэ хэха хуащI

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм псэупIэхэм ехьэлIауэ къэрал кIэлъыплъыныгъэр къызэрыщызэрагъэпэщымрэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я Iуэхухэр зэрыщызэрагъэкIуэмрэ.**



КъБР-м тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Мэкъуашэ Алим** жиIащ республикэм и псэупIэ фондым метр зэбгъузэнатIэ мелуан 16,8-рэ къызэрызэщIиубыдэр икIи гулъытэшхуэ зэрыхуащIыр фэтэр куэду зэхэт унэхэм Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщызэфIагъэкIым.

Комитетыр хэплъащ цIыхухэмрэ Iуэхущ IапIэхэмрэ зыкъызэрыхуагъэза Iуэхугъуэ 391-м. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм къадэкIуэу, иджыри къэпщытэныгъэ 78-рэ ирагъэкIуэкIащ. УФ-м и законодательствэр къызэрызэпаудар зэрагъэзэкIуэжыным теухуа тхыгъэу 27-рэ хуатхащ, административнэ хабзэхэм зэребэкъуам теухуахэр 16 мэхъу, апхуэдэуи законым къыщыгъэлъэгъуахэм зэрытетыпхъэр 187-м жраIащ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм къызэрырикIуамкIэ, псэупIэ законодательствэр къызэрызэпауда Iуэху 69-рэ къыщIагъэщащ: 27-р теухуат мардэхэм къемызэгъыу унэхэр зэратам, 35-м къыщыгъэлъэгъуат фэтэр куэду зэхэт унэхэм я Iуэхутхьэбзэхэр къызэзыгъэпэщхэм я лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтрамыублам. IуэхугъуитIыр - унэм газ зэрыщIашэ мардэхэр къызэрызэпаудам.

2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м ирихьэлIэу, административнэ хабзэхэр къызэрызэпауда Iуэхухэм КъБР-м тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и къэрал комитетыр хэплъа нэужь, административнэ жэуапым зэрырашалIэ унафэу 5 къыхилъхьащ. ПсэупIэхэм ехьэлIауэ хабзэхэр къызэрызэпаудым теухуауэ IуэхущIапIэхэм мы гъэм къуэдыхэр хуатхакъым.

Мэкъуашэм къызэрыхигъэщамкIэ, муниципалитетхэм щIэх-щIэхыурэ комитетым ирагъэхь зыми и нэIэм щIэмыту щыIэ унэ зэтетхэм ятеухуа хъыбар. Илъэс никъуэм и кIэм IуэхущIапIэм къызэщIекъуэж республикэм я Iуэхутхьэбзэхэр къыщызэзыгъэпэщ управляющэ компаниехэм я лэжьыгъэр зыхуэдар. 2021 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ягъэбелджылауэ щытащ балл 30-м щыщу 30 къэзыхьа апхуэдэ IуэхущIапIэу 4.

Къэпсэлъар къытеувыIащ «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр щызэзыгъэпэщыж щIыналъэ оператор» фондым и лэжьыгъэм зэрыкIэлъыплъым.

ПIалъэ кIэщIым тещIыхьауэ зэхагъэува республикэ программэм ипкъ иткIэ, 2019 гъэм фэтэр куэду зэхэт унэ 80 зэрагъэпэщыжыпхъэу къагъэлъэгъуауэ щытащ. КъэпщытакIуэхэм абыхэм зыщаплъыхьа нэужь, унэ 78-м ящыщу 40-м къыщагъуэтащ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIахэм щыщIэныгъэ яIэу. Ахэр игъэзэкIуэжыну щIыналъэ операторым пщэрылъ щытщIащ, - къыхигъэщащ Мэкъуашэм.

Апхуэдэуи къэпсэлъам дыщIигъуащ унэхэр зэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ зэхуахьэс ахъшэр процент 40,8-рэ фIэкIа къыхэмыкIыу щытамэ, иджы ар процент 70,4-м зэрынагъэсар.

Мэкъуашэм жиIащ я IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр республикэм щыпсэухэм щIэх-щIэхыурэ зэраIущIэр, фэтэр куэду зэхэт унэхэм кIэлъыплъхэм я унафэщIхэм зэрызыхуагъазэр. Апхуэдэуи ар къытеувыIащ гугъуехь щыIэхэм. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ пэшхэр зэрызэпыхулыкIам зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьамэ, ахэр мардэм къызэрезэгъыр къапщытэну цIыхухэм зыкъызэрыхуагъазэм зэрыпэджэжын хуей лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтемыублар, фэтэр куэду зэхэт унэхэм щIэсхэм псоми зэдайуэ къагъэсэбэп Iуэхутхьэбзэхэм щIатын хуей уасэр къызэрыхэмыкIыр.

Депутатхэм упщIэ зыбжанэкIэ къэпсэлъам зыхуагъэзащ. КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Безгодькэ Владимир** къыхигъэщащ «Налшык» управляющэ компанием и лэжьэкIэм цIыху куэд зэригъэтхьэусыхэр.

- IуэхущIапIэр и дэфтэрхэмкIэ зэхьэзэхуэм пхыкIащ икIи ар яхъуэжыну хуитыр а унэхэм щыпсэухэращ. КъищынэмыщIауэ, абы и Iуэхутхьэбзэхэр къызэрызэригъэпэщым и фIагъыр къапщытэну хабзэхъумэ IэнатIэхэм захуэдгъэзащи, а Iуэхум иджыпсту ахэр йолэжь, - жиIащ Мэкъуашэм.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч** къытеувыIащ Прохладнэ къалэм дэт зы унэм щIэсхэм зыкъызэрыхуагъэза Iуэхум. ЦIыхухэр арэзы къищIыркъым зыщIэс унэм и лъабжьэр къызэрычам щхьэкIэ къэуэнкIэ хъуну къызэралъытам. Депутатым къыхигъэщащ унэм и теплъэ къудейкIэ мыхъуу, ухуэныгъэ и лъэныкъуэкIэ къэпщытэныгъэхэр абы зэрыщегъэкIуэкIыпхъэр. Ар щIэупщIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэр къемызэгъыжу къызэралъытэ щIыкIэхэм.

- Мы зэманым законодательствэм къыщыгъэлъэгъуауэ щыткъым псэупIэхэм кIэлъыплъынымкIэ къэрал IэнатIэм IуэхущIапIэ хэхахэр къришалIэу IэмэпсымэхэмкIэ унэм и щытыкIэр къригъэпщытэн хуейуэ. Мардэ пыухыкIахэр щыIэщ: блынхэм, лъэгум, унащхьэм къэчахэр иIэ - ар къэуэнухэм хэбжэн хуейуэ аращ зэрыщытыр.

Апхуэдэ унафэм унэм щIэсхэр арэзы къимыщIрэ, а Iуэхум елэжь IуэхущIапIэ езым къраджэу судкIэ зэхагъэкI хъунущ зыщIэсым и щытыкIэр зыхуэдэр, - жиIащ Мэкъуашэм.

Депутатхэр щIэупщIащ управляющэ компаниехэр къызэрыхахым, лицензэ зэрыратым, унэ зэтетхэр зэгъэпэщыжынымкIэ фондым ахэр зэрадэлажьэм, пэш кIуэцIхэм я блынхэр зэрыхуейуэ зэрызэпахулыкIым пылъ гугъуехьхэм зэрыкIэлъыплъым, унэм и щытыкIэр къызэрапщытэм.

**Егоровэ Татьянэ** жиIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм щIэсхэр унэм епха Iуэхухэр зэрызэфIахым нэхъ кууэ хэгъэгъуэзэн хуейуэ къызэрилъытэр.

- Унэхэр зейхэм я хуитыныгъэхэр, къалэнхэр къагурыIуэу, уасэ зыщIатыр ящIэу щытын хуейщ. Унэм епха Iуэхухэр зэрызэфIах щIыкIэр зэщхьэщыкIмэ, фэ къагурывгъэIуэн хуейщ абы и щхьэусыгъуэмрэ нэхъыфIым узэрыхуэкIуэфынумрэ. ЦIыхухэм псори зэпалъыту къыхахын хуейщ: уасэхэр нэхъ щыезэгърабгъу управляющэ компание е Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ зыгъэлъапIэ, ауэ щIэлъапIэр, псалъэм папщIэ, я унэр зэрагъэпэщыжын хуей хъумэ, сыт нэхъ лейуэ къыхуащIэнур – а псори наIуэу щытыпхъэщ, - къыхигъэщащ Егоровэм. Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ ехъулIэныгъэ зиIэ управляющэ IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIым щапхъэ зэрытехыпхъэр.

Егоровэ Татьянэ Мэкъуашэм пщэрылъ щищIащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр нэхъ убгъуауэ къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ, щытыкIэр нэхъыфI е нэхъыкIэ хъуамэ, адрей илъэсхэм ирагъэпщэну Iэмал яIэн хуэдэу, КъБР-м и Парламентым къыхуигъэхьыну.

Депутатхэм я Iуэху еплъыкIэр жаIа нэужь, зэлэжьыпхъэхэр ягъэбелджылащ.

* * *

КъБР-м и Парламентым къыкIэлъыкIуэ и зэIущIэр мэкъуауэгъуэм и 30-м ирагъэкIуэкIыну траухуащ. Апхуэдэуи депутатхэр хэплъащ «ЩIыщIагъ фIыгъуэхэр» КъБР-м и Законым и Iыхьэ щхьэхуэхэм къару ямыIэжу къэлъытэным теухуауэ» республикэ законым и проектым. Арэзы техъуащ КъБР-м и Парламентымрэ Санкт-Петербург и Законодательнэ Зэхуэсымрэ зэрызэдэлажьэну зэгурыIуэныгъэм и проектым. Сату Iуэхур къэралым зэрызригъакIуэм, щIыуэпсым и щытыкIэр къызэрапщытэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, къэрал щIэныгъэ-техникэ политикэр зыхуэдэм ятеухуа федеральнэ законхэм я проектхэмрэ жэрдэмхэмрэ тепсэлъыхьащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Рае и гукъэкIыжхэр

**Къуажэхэм дэлъ фIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы дэс нэхъыжьыфIхэр. Ахэр зыщIэс унэм къыщыхъу щIэблэр нэхъ гушхуауэ къотэдж. Нэхъыжьхэращ унагъуэм, лъэпкъым и унафэ зыIэщIэлъри, хэкIыпIэм я нэхъыфIымрэ пэжымрэ къэзыгъуэтыфри. И насыпщ ар и зэманым къызыгурыIуэм.**



ТЭРЧ щIыналъэм хыхьэ ХьэпцIей къуажэм щыщ гуэрым сытетхыхьыну (езыр дунейм ехыжат) а жылэм сыщыкIуэм, абы и ныбжьэгъуу, цIыхугъэу щытахэм захуэзгъэзэну мурад сщIащ. Япэу зи цIэ къраIуахэм ГъукIэпщ Рае ящыщщ.

ЦIыху щыIэкъэ занщIэу уигу кIэрыпщIэрэ Iыхьэлейуэ ухуэгуапэу, зыщумыгъэнщIу убгъэдэсу? Рае апхуэдэт! Псом хуэмыдэу абы и адыгэбзэ дахэмрэ и Iумахуагъымрэ сатхьэкъуат. Рае и нэхъыжь къалэнхэр къанэ щымыIэу зэригъэзащIэр шэч къызытумыхьэнт.

СыщIэкIуам теухуауэ гупсэхуу къызэпсэлъа иужькIэ, сэ гу лъыстащ Рае зыгуэрым зэригъэпIейтейм. ИкIи сыщыуатэкъым. «УпIащIэрэ?» - щыжиIэм, сызэрыпIащIэмкIэ зысхуэумысакъым (иджыри къэзгъэгугъа къызэжьэ щыIэт, ауэ ахэр Рае нэхърэ куэдкIэ нэхъыщIэти, ягъэ езгъэкIакъым).

Нанэ Рае заулкIэ хэплъэу щысри, и гукъэкIыж чысэм и щхьэр итIэтащ.

- Зауэм и щIопщ зытехуахэм сэри сащыщщ. Си ныбжьыр илъэс 80-м щхьэщыдэхащ, куэд си нэгу щIэкIащ, ауэ си гукъеуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ си адэм и кIуэдыкIар зэрызмыщIэр. Си адэ Щокъал Былу зауэм ипэ лъэхъэнэм къуажэм пщIэрэ щхьэрэ иIэу, унагъуэ дахэу дэсащ, - абыкIэ Рае къригъэжьащ къехьэлъэкIыу къыпщыхъу псалъэмакъыр.

1941 гъэм, ди къэралым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къыщытеуам, Былу колхозым хэту лажьэрт. Унагъуэ дахэ иухуауэ бынищ иIэт, еплIанэр дунейм къытехьэн хуейуэ ежьэрт.

Сабий еплIанэр, щIалэ цIыкIур, дунейм къызэрытехьэрэ махуибл щрикъум, повесткэ къыхуахьри дашауэ щытащ. Абы щIыгъуащ я къуажэгъухэу Берычэт Хьэжымырзэ, Абазэ Сыхь, Щоджэн Индэрбий сымэ. Абыхэм ящыщу псэууэ къэзыгъэзэжар Индэрбий и закъуэщ.

Бынунэр къызэхинэу зауэ мафIэ хыхьэ лIыр зэ къызэплъэкIыжщ, и къуэш закъуэм зыхуигъазэри: «Мыхьэмэт, сыздэкIуэм къыщыспэплъэр зыми ищIэркъым. Къэзмыгъэзэжмэ, си щхьэгъусэмрэ си быниплIымрэ уи анэмэтщ. ЯмыIэIамэ, къапэIэбэ, хамэм йомыгъэлъэIу», - къыжриIат.

А лъэхъэнэм Мыхьэмэт къиишагъащIэт, иджыри бын игъуэтатэкъым. Шы нэхъыжьыр зэрыдашрэ куэд дэмыкIыу, Мыхьэмэти повесткэ къыхуэкIуэри, ежьащ. Арати, абы и щхьэгъусэри и къуэшым и бынунэри я закъуэ дыдэу утыкум къинат. НысащIэр тIэкIурэ дэсри, лэгъунэ нэщIым щIэмысыфу и дыщ кIуэжащ.

Былу и щхьэгъусэ КIулалэ (Дзэгъащтэхэ япхъущ) бын еплIанэ зэригъуэтам къаруунщэ ищIами, псори езым къызэрыщыгугъыр илъагъурти, и бгыр щIикъузэри... Нэхъ къэжэпхъахэр зыдигъэIэпыкъуурэ зэман хьэлъэм пэщIэуващ, езым хуэдэ куэдым хуэдэу, щымэжэлIаи щIыIэм щигъэгузэваи къыхуихуащ.

Сэ куэд щIауэ гу лъыстащ зауэ зылъэгъуа цIыхухъухэмрэ бзылъхугъэхэмрэ абы зэмыщхьу зэрытепсэлъыхьым. ЦIыхухъухэм ар я лIыгъэ щIапIэмэ, бзылъхугъэм я нэхъыбэр зытепсэлъыхьыр ныбэрэ бынкIэ ялъэгъуа гузэвэгъуэрщ, гуауэрщ.

- ЗауэфI щыIэкъым,- жеIэ Рае и гукъэкIыжхэм кърагъэкIуа нэпсхэр тригъэсабырэну хэту. – Сысабийуэ ирихьэлIами, сэ слъэгъуа зауэр нэпскIэ, лъыпскIэ, мэжэщIалIагъэкIэ, ныбаджагъэкIэ, тхьэмыщкIагъэкIэ гъэнщIат. Нэмыцэхэр къуажэм дэсыхункIэ ди фэм ираха къудейм фIэкIа дымылъэгъуами ирикъунт. СытIысу сытэджыху апхуэдэ дяпэкIэ къэмыхъужыну Тхьэм солъэIу, - къыддогуашэ нанэр.

Рае и адэр Тэрч къалэ военкоматым деж Iуашри, КъалэкIыхь яшауэ щытащ. Абы щыIэу и щхьэгъусэм къыхуиIуэхуат, кIуэуэ илъагъужыну. Бзылъхугъэр темыпыIэу, пIащIэу гъуэмылэ гуэрхэр зэригъэпэщщ, сабийхэр гъунэгъум къыхуигъанэри, ежьащ. И насыпти, и закъуэтэкъым, абы гъусэ къыхуэхъуат зи щхьэгъусэ а станцым тес цIыхубз зыбжанэ. Май къалэм нэс лъэсу кIуауэ, гум исуу урысылI гуэр къахуэзэри, я Iуэху зытетыр щыжраIэм, фIэгуэныхь хъуагъэнщ, а лъэныкъуэмкIэ кIуэти, здэкIуэм нэс нигъэсащ. ЗдэкIуам хъумакIуэр къапежьэри, сыхьэт никъуэ хуэдиз ипэ лIы 50-м нэблагъэ станцым зэрытрашар къажриIащ. Бзылъхугъэхэм я щхьэгъусэхэр абыхэм яхэту къыщIэкIащ. Сыт ящIэнт? Яхьа гъуэмылэр хъумакIуэм иратри, щхьэж и щхьэ ягъеижу къыIуагъэзыкIыжащ.

Зэман дэкIри, Былу и письмо унагъуэм къаIэрыхьащ. Абы зэритымкIэ, ар Тэн (Дон) деж щекIуэкI зауэм хэтт. Абы яужь Щокъалыр хъыбарыншэу кIуэдащ. Зауэр екIуэкIыхуи, ар иуха нэужьи абы и унагъуэр хъыбар кIапэ куэдрэ ежьащ. Иужьым, КIулалэ къуажэ Советым ираджэри, и щхьэгъусэм и хъыбар зэрыщымыIэр къыжраIащ, абы и къуэш (КIулалэ и пщыкъуэ) Мыхьэмэт зэраукIам и щыхьэт тхылъыр къыIэщIалъхьащ. Мыхьэмэт и щхьэгъусэ цIыкIур кърагъэшэжри, хьэдагъэ ящIащ, зэрахузэфIэкIкIи хьэдэIус (сэдэкъэ) тIэкIуи хуагуэшащ. Абы яужь илъэс дэкIыжауэ, Мыхьэмэт зэрыпсэур къыжриIэу и шыпхъу Быцэ къыхуотхэ. Ар Берлин дэст, и дэфтэрхэр хьэзыр хъумэ, къэкIуэжыну ежьэу. Шэч хэмылъу, ар унагъуэм дежкIэ гуфIэгъуэшхуэт. Ауэ иджыри илъэситIкIэ Мыхьэмэт къэкIуэжыфакъым.

Мыхьэмэт и Iуэхур къызэрекIуэкIари гъэщIэгъуэнщ. 1945 гъэм, Берлин нэса советыдзэм хэту, мэз лъапэ гуэрым деж щыту топышэ къауэри, Мыхьэмэт нэгъуэщI лIитI и гъусэу, топышэм къриуда кумбым иридзащ, я гущIыIум щIы трикIутэжу. Абыхэм гу къылъамытэу дзэр адэкIэ кIуатэри, тхьэмыщкIагъэ къызыщыщIа лIищыр гурыму мащэм къинауэ нэмыцэ гуп къарихьэлIэри, яфIэгуэныхь хъуагъэнщ, къыщIатIыкIыжри я гугъуи къамыщIу ежьэжат. Куэд дэмыкIыу аргуэру нэмыцэ гуп къарихьэлIэри, абыхэм гъэр ящIащ, нэмыцэIуэм ирадзащ. Мухьэмэт а хьэпсым щилъэгъуа тхьэмыщкIагъэмрэ гугъуехьымрэ я хъыбар куэд Рае ещIэж.

Зауэр иуха иужькIэ, ахэр советыдзэм хэту Берлин дэт штабым яшэри я документхэр хузэрагъэпэщыну къагъэгугъащ, ауэ ар хьэзыр хъухукIэ щагъэIащ къалэ гъунэм къыщызэрагъэпэща лагерым. Рае зэрыжиIэжымкIэ, абы щыщыIам Мыхьэмэт посылкэ куэд къахуигъэхьу щытащ, ди псэлъэгъур япэу школым зэрыкIуа щыгъынхэр къанэ щымыIэу и адэ къуэшым къыхуигъэхьа защIэт.

Сытми, псори зэхуэхъуу Мыхьэмэт унэм къетIысылIэжа иужькIэ, и щхьэгъусэ цIыкIури къишэжри, бынитI зэдагъуэтыжащ.

Рае и гугъэкIыжхэм къытригъэзэжурэ фIыщIэ щыхуещI и адэ къуэшым и щхьэгъусэ Хужь (Къарэжьхэ япхъущ). Абы сыт хуэдэ гугъуехьри къадигуэшу, я анэ етIуанэ хуэдэу къазэрыщхьэщытари къыхегъэщ. А зэщхьэгъусэхэм быныфI, бын гъэса къащIэнами къытхутепсэлъыхьащ нанэ Iумахуэр.

Зауэ нэужь илъэсхэм къэралыр, жылэр зэфIэзыгъэувэжахэм яхэтащ Раерэ абы и анэкъилъхухэмрэ. Къуажэдэсхэр щыгъуазэщ абыхэм колхозым къаруу халъхьар зихуэдизым.

ГъукIэпщ Рае нобэ зыдэс жьантIэр зыгъэбжьыфIэ нэхъыжьыфIщ. Ар унагъуэм, хьэблэм, къуажэм пщIэшхуэ щызиIэ нанэ Iумахуэщ.

ГъащIэ щыхъукIэ, цIыхум и нэгу куэд щIокI, ауэ зи ныбжь хэкIуэта цIыхум и гум къинэр къызэрымыкIуэу зыщыгуфIыкIа е и гум хыхьэу зыгъэгумэщIа гуэрщ. Рае щыпсалъэкIэ сыт щыгъуи и гущIыIу къыфIэкIуэр хъыбарыншэу кIуэда я адэм и Iуэхурщ. Абы и хъыбар и бынхэмрэ абыхэм къатепщIыкIыжа цIыкIухэмрэ яжриIэ зэпытщ. Хэт ищIэрэ?..

Зауэм и кIэр хьэдагъэщ, жаIэ. А хьэдагъэр илъэс дапщэкIэ екIуэкIми зыщIэр абы зи благъэ-Iыхьлы хэкIуэдахэрщ... Зауэр щиухыр фоч гъауэ макъ къыщымыIужракъым, атIэ гъыбзэ щыхуамыусыжырщ. Къремыхъуж апхуэдэ зэи!

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# ЗэгурыIуэр мэунэри...

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ «Команда 5642» республикэ щIалэгъуалэ зэхыхьэ. Ар хуэунэтIауэ щытащ щIэблэр щIэпхъаджагъэ ямыщIэным хуэущииным, лъэпкъ зэхуэмыдэ къыхэкIахэмрэ зи дин зэтемыхуэхэмрэ зэгурыгъэIуэным, щIалэгъуалэм я жэрдэмыр ядэIыгъыным теухуар. ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ КъБР-м и министерствэм къызэригъэпэща зэIущIэр «КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щыпэщIэтын» къэрал программэм щыщу къызэрагъэпэщащ. Ар щекIуэкIащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Iуащхьэмахуэ щыIэ и егъэджэныгъэ-щIэныгъэ IуэхущIапIэм. Абы щызэхуэсащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, колледжхэм я студентхэр, волонтёрхэр. ЗэIущIэр зэрекIуэкIынур, абы къыщаIэтыну Iуэхухэр зыгъэбелджылар Кавказпсо щIалэгъуалэ треннинг центрым и унафэщI Борисевич Екатеринэщ. Сессиехэр, лекцэхэр, мастер-классхэр, проектхэм я «лъэтеувэхэр» - куэд хьурт щIалэгъуалэм хуагъэхьэзырар. Ар къыщызэIуахым къэрихьэлIащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мокаев Ачемиз, КъБР-м и гъэзэщIакIуэ властым экстремизмэм пэщIэтынымрэ щIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэнымкIэ и органхэм я Iуэхухэр зэгъэуIунымкIэ министр Къуэшырокъуэ Залым.

Зы пшыхь траухуащ Парахин Антон «Исповедь террориста. Путь к миру» зыфIища и фильмым. Омск щыщ журналистым къехъулIащ лъэхъуэщым ис щIэпхъаджащIэм епсэлъэну. Псалъэмакъым къызэрыхэщымкIэ, илъэс бжыгъэхэр дэкIа нэужь, абы и къуаншагъэ псори къыгурыIуэжащ, тезыр зэрихьымкIи арэзыщ. Фильмым увыпIэ щеубыд щIэпхъаджащIэхэм зыкъыщаIэтам яукIахэм я унагъуэхэм яIуэтэж хъыбархэм. Мы фильмым и мыхьэнэр цIыхухэр ягъэшынэныркъым, атIэ ягъэгупсысэнырщ.

ЗэIущIэм и программэм хэту сыхьэтиплIкIэ екIуэкIащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыным теухуа лекцэр. «ЩIалэгъуалэр. Абыхэм зэрызахъумэжыпхъэ Iэмалхэр» Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ УФ-м и следственнэ комитетым КъБР-м щиIэ и IуэхущIапIэм, КъБР-м и МВД-м, ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ республикэм и Iэтащхьэм и советым я лIыкIуэхэр.

НыбжьыщIэхэм папщIэ ирагъэкIуэкIащ лъэпкъ зэхуэмыдэ къыхэкIахэр, зи дин зэтемыхуэхэр къызэдэгъуэгурыкIуэным теухуа мастер-класс.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Балли 100 къэзыхьахэр

**Мы махуэхэм хэIущIыIу мэхъу курыт школыр мы гъэм къэзыуххэм ята къэрал къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэр. Илъэс блэкIахэми хуэдэу, ди гуапэ зэрыхъущи, ЕГЭ-р мы гъэм зыт ныбжьыщIэхэми къагъэлъагъуэ щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зэрабгъэдэлъыр.**

УРЫСЫБЗЭМКIЭ екIуэкIа зыуэ щыт къэрал къэпщытэныгъэм къэрикIуахэм ущымыгуфIыкIыу къанэркъым. Экзаменыр зытахэм ящыщу цIыху 12-м абыкIэ балли 100 къахьащ. Апхуэдэхэщ Бэвыкъуэ Данэ (Хьэтуей дэт курыт школ), Гижгиевэ Салимэ (Байсултанов Алим и цIэр зэрихьэу Яныкъуей къуажэм дэт курыт школ), Шыбзыхъуэ Алинэ (Нарткъалэ дэт курыт школ №3), ЗэкIурей Аишэ, Жанказиевэ Самирэ, Ерыстау Алим (Налшык дэт курыт школ №9), Жэмыхъуэ Камиллэ (Налшык дэт курыт школ №17), Къумыкъу Миланэ (Налшык дэт курыт школ №24), Жэмыхъуэ Стеллэ (Къулъкъужын Ипщэм дэт курыт школ №2), СэвкIуий Беслъэн (Налшык дэт курыт школ №13), Езауэ Тинэ (Налшык дэт «ДыгъафIэ къалэ»), Хьэжы Ренат (Налшык дэт гимназие №14) сымэ. Балл 98-рэ къахьащ ныбжьыщIэ 18-м.

ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ къэзыгъэлъагъуэ еджакIуэхэм я нэхъыбапIэр ипэкIэ мызэ-мытIэу щытекIуащ республикэпсо, къэралпсо олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм, щIэныгъэ конференцхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм. Къыхэдгъэщынщи, Езауэ Тинэрэ Хьэжы Ренатрэ мы гъэм къаухар 10-нэ классырщ. ЕгъэджэныгъэмкIэ хабзэм къызэригъэувымкIэ, ныбжьыщIэхэр хуитщ, курыт школыр къаухыным зы илъэс иIэу ЕГЭ-хэр ятыну. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ къэзыгъэсэбэпа ныбжьыщIэ плIыщIым щIигъум яхэхуащ Тинэрэ Ренатрэ икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, абыхэм къагъэлъэгъуа щIэныгъэм бали 100 хуагъэфэщащ.

ЕхъулIэныгъэ лъагэ зыIэрызыгъэхьахэми, курыт школыр мы гъэм къэзыух адрей ныбжьыщIэ псоми дохъуэхъу я мурадхэр къайхъулIэну, я гугъапIэхэм лъэIэсыну, узыншэу гъащIэм лъэ быдэкIэ хэувэну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# Гидрографием и махуэ

**Гидрографием и дунейпсо махуэр (World Hydrography Day) гъэ къэс мэкъуауэгъуэм и 21-м къэрал куэдым щагъэлъапIэ. Абы теухуа жэрдэмыр 2006 гъэм къыхэзылъхьауэ щытар 1921 гъэ лъандэрэ лажьэ ГидрографиемкIэ къэрал зэхуаку зэгухьэныгъэрщ (International Hydrographic Organization, IHO). КIэлъыкIуэу ар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэми къыщащтащ.**

АЛЫДЖЫБЗЭМ къыхэкIа «гидрографие» псалъэм къикIыр «псым и зэхэлъыкIэр къезытхэкI» жыхуиIэщ. А щIэныгъэм и къалэнщ псы гущIыIум кхъухьхэм тэмэму къыщакIухьынымкIэ, хуиту зыщагъэзэнымкIэ картэхэмрэ гъуэгурыгъуазэ тхыгъэхэмрэ яхуэзэхэгъэувэныр.

Нэхъ пыухыкIауэ жытIэмэ, зи гугъу тщIы щIэныгъэм и «пщэрылъ» нэхъыщхьэхэм хабжэ хышхуэхэмрэ хы цIыкIухэмрэ, псыежэххэмрэ псы хъумапIэхэмрэ кхъухьхэмрэ кхъуафэжьейхэмрэ шынагъэ къащыхухэмыкIыу тетыным хуэгъэзауэ псым и кууагъыр, и щIагъым и зэхэтыкIэр, и Iуфэм и зыгъэзэкIэр къахутэу, абы ипкъ иткIэ картэхэр зэхэлъхьэныр, псым зэрызыщыгъэзапхъэр къэзыгъэлъагъуэ гъуазэрыблэхэмрэ (маякхэр) нагъыщэхэмрэ щыгъэувыныр.

Гидрографием къыщахутахэр зыхуэщхьэпэр псы щIыIум тет кхъуафэхэм я закъуэкъым. Ахэр щIэгъэкъуэныфIщ хыхэм я щIагъым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къыщалъыхъуэкIи, псы IущIэхэр щагъэувкIи, экологием шынагъэ щымыIэнымкIи.

Мы щIэныгъэр къызэрыунэхурэ абы ехьэлIа къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкI хым щытепщэу къэгъуэгурыкIуа къэрал псоми.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### Сатууэ зэдащIым хохъуэ

**Нэхъ пасэу зэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ, Урысейм Индием фIамыщIу ирищэр хуэдэ минкIэ нэхъыбэ ищIынущ. Мы гъэм и япэ мазищым къриубыдэу а къэралым хуригъэшащ илъэс кIуам зэрыщыту хуиутIыпщам и процент 40 хуэдиз.**

ГЪЭСЫНЫПХЪЭ гъэтIылъыгъэу иIэр икъукIэ зэрымащIэ дыдэм къыхэкIыу Индием и энергетикэ IэнатIэр щытыкIэ гугъу дыдэм итщ икIи электростанцхэр къэмыувыIэн папщIэ гъэсыныпхъэр хамэ къэралхэм куэду къыщещэху. Нэхъыбэ дыдэ здришыр Урысейрщ.

Индием промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм къигъэлъагъуэ бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, урысей фIамыщIу а къэралым хуаутIыпщыр мы гъэм и япэ кварталым тонн мин 523-м щIигъуащ. Илъэс кIуар къапщтэмэ, фIамыщIу тонн мелуан, антрациту тонн мелуан 1,4-рэ ирищащ. КъэралитIми я фейдэ хэлъу сату зэрызэдащIынур щыжаIащ абы теухуауэ иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа зэхуэсым.

### Ерыскъыр иракIуту хуадэнукъым

**Испанием яужь щихьащ кIэрыхубжьэрыхум ягъакIуэ ерыскъыпхъэхэр гъэмэщIэным. Абы теухуа законопроектым къэралым и правительствэм щыхэплъащ.**

ХАБЗЭЩIЭМ щыубзыхуащ ерыскъыр хыфIэзыдзэ тыкуэнышхуэхэм, шхапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къуэдышхуэ тралъхьэну. Къапщтэмэ, абы къыщыгъэлъэгъуахэр къызэпызыуд IуэхущIапIэхэм еврэ мин 60-кIэ етхьэкъунущ, етIуанэу къыщIэхуэхэм еврэ мин 500 ирагъэпшынынущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ягъэмэщIэфыну я гугъэщ илъэс къэс пхъэнкIийм ерыскъыуэ хадзэм и куэдыгъыр. АтIэми ар мащIэкъым – тонн 1300-рэ щыхыфIадзэ абы.

Мэкъумэш хозяйствэмкIэ, бдзэжьей ещэнымрэ ерыскъыпхъэмкIэ министр Планас Луис зэрыжиIамкIэ, къэралым цIыхуу исым ар ятепщIыхьмэ, дэтхэнэми килограмм 31-рэ хуозэ. «МэжэщIалIэхэр щыкуэд къэралхэр иджыри зэрыщыIэр къэплъытэмэ, ерыскъыр пхъэнкIийм хэбдзэныр гущIэгъуншагъэщ», - къыхигъэщащ абы.

ООН-м а Iуэхум теухуауэ иджыблагъэ зэбгригъэха докладым къыщыгъэлъэгъуащ илъэс къэс дуней псом ерыскъыуэ тонн мелард зэрыщыхыфIадзэр, цIыху мелард бжыгъэхэр я ныбэ изу щымышхэ къэхъуми.

**Мэкъуауэгъуэм и 21, *гъубж***

♦**Гидрографием и дунейпсо махуэщ**

♦**1956 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Iэмырбий**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, публицист, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолэ**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 22, *бэрэжьей***

♦**Хэкур яхъумэурэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**. 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

♦**1967 гъэм** Налшык ПТУ №7-м и цIыхубз спортсменкэ 15 ди республикэм и къалащхьэм щежьэри, лъакъуэрыгъажэкIэ Ленинград кIуэну гъуэгу техьащ.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Залиханов Михаил**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ КъБКъУ-м и профессор, цIыхухэр узыншэу псэуным хуэщхьэпэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкI **КъуэщIысокъуэ Александр**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХьэпащIэ Юрэ**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ искусствоведениемкIэ доктор, профессор, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолэ**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Псы къэмыжэм псыхьэлыгъуэ хыумыш.**

# Iэщыхъуэхэр бэлэрыгъыркъым

«Ленинцы» мэкъумэш предприятэм Iусыпхъэ щхъуантIэр Iуехыж. Iэщ гъэхъуным елэжь дэтхэнэ зы IуэхущIапIэми гъэм и кIыхьагъкIэ Iэщым ирегъэшх къэуат зыщIэлъ, витамин зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къулей рапсыр, триттикалли къэкIыгъэ щхъуантIэхэр. Иджы хуэдэ зэманым псом хуэмыдэу ар нэхъ зрагъэшхыр жэм къашхэрщ - зрегъэужь, гъэшми хегъахъуэ.

IуэхущIапIэм гъэ къэси джэшхъурейрэ зэнтхъымрэ зыщIэлъу куэду хесэ. Иджыпсту щIадзауэ ар Iуахыж. Губгъуэм япэу ихьа «Дон-680» комбайным зы махуэм хуэзэу тонни 120 - 135 - рэ къех икIи ар занщIэу ирагъашэ жэм къашхэр щаIыгъ фермитIым.

Iусыпхъэ щхъуантIэхэм куэд мыщIэу къахэхъуэнущ пасэу хъу гибрид нартыхур.

Мы зэманым апхуэдэ лэжьыгъэхэр къыщрахьэлIэ Котляревскэм, Александровскэм, Ново-Ивановскэм я мэкъумэш-фермер IуэхущIапIэхэми. Мы щIыпIэхэр зэрытафэтесым къыхэкIыу мэкъуауэгъуэри щынэхъ пасэщ. Зыхуеину техникэхэмрэ дагъэгъэсыныпхъэмкIэ къызэгъэпэща Iэщыхъуэхэр пIалъэм фIимышу къапэщылъ къалэнхэр зэфIагъэкIыну мэгугъэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

